5. Кравченко Г.В. Использование дистанционной среды Moodle в образовательном процессе студентов дневной формы обучения. //Известия Алтайского гос. ун-та. 2013. № 21 (78). -С. 23-25.
6. Проектирование и разработка дистанционного учебного курса в среде Moodle 2.7: учеб.-метод. пособие. Рязань: Рязанский государственный радиотехнический университет, 2015. –С.164.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада олий таълимда масофавий таълим технологияларини жорий этишнинг долзарб жиҳатлари кўриб чиқилади. Moodle модулли ахборот ва таълим муҳити асосида ишлаб чиқилган "Дискрет математика ва математик мантиқ" фанидан масофавий курс мисолида масофадан туриб ўқитиш маҳсулотларини ишлаб чиқишнинг услубий ва техник - технологик хусусиятлари очиб берилган. Қулай ва тезкор хабар алмашиш учун чат ёки форум яратиш орқали амалга ошириладиган масофадан туриб ўқитиш жараёнида ўқитувчилар ва талабалар ўртасидаги интерфаол мулоқотни амалга оширишга алоҳида эътибор қаратилмоқда. Масофавий таълим технологиялари ва электрон интерфаол таълимни жорий етишнинг истиқболли тенденцияларини таҳлил қилиш асосида янги педагогик маданиятни шакллантириш ва таълимдан кейинги инқилоб ғоялари илгари сурилади ва муҳокама қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

Рассмотрены актуальные аспекты реализации дистанционных образовательных технологий в высшей школе. На примере дистанционного курса по дисциплине «Дискретная математика», разработанного на базе модульной информационно-образовательной платформы Moodle, раскрыты методические и технико-технологические особенности разработки дистанционных учебных продуктов. Особое внимание уделено реализации в ходе дистанционного обучения интерактивного взаимодействия преподавателей и студентов, которое реализуется посредством создания чата или форума для удобного и быстрого обмена сообщениями. На основании анализа перспективных тенденций реализации дистанционных образовательных технологий и электронного интерактивного обучения выдвигаются и обсуждаются идеи формирования новой педагогической культуры и постиндустриальной революции в образовании.

**SUMMARY**

The article deals with the actual aspects of the distance education technologies in Kigher Educational Establishment. Technical-technological features of the distance learning products are disclosed which is developed on the basis of the Moodle platform on the example of the discipline. Discrete mathematical logic. Particular attention is paid to the implementation of distance learning interactive communication between teachers and students, which is implemented through the creation of a chat or forum for easy and fast messaging. The post-industrial revolution in education are putforward and discussed based on the analysis of promising aspects of the distance education technologies and electronic interactive learning.

## QARAQALPAQ SHAŃARAǴÍ HÁM NEKE INSTITUTÍNÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ

**M.A.Utepbergenov** - *psixologiya ilimleriniń doktorı, docent*
*Qaraqalpaqstan Respublikası XBXQT hám OQA aymaqlıq orayı*

**Tayanch so'zlar:** qoraqalpoq oilasi, nikoh, uruv, levirata, sororata, "aqlay quda", "jaslay quda", taqıyadan qosılǵan", patriarxal munosabatlar.

**Ключевые слова:** каракалпакская семья, брак, род, левират, сорорат, "аклай куда", "жаслай куда", "такыядан косылган", патриархальные отношения.

**Key words:** Karakalpak family, marriage, clan, genus, levirate, sororate, "aklay kuda", "jaslay kuda", "takiyadan kosilgan" patriarchal relationship.

Shańaraq kóp ásirler dawamında qáliplesip, rawajlanıp ózgerip kelgen. Shańaraq jámiyet turmısında áhmiyetli orın tutadı. Ol áwladtı dawam ettiriw sıyaqlı juwapkerli wazıypanı atqaradı. Shańaraq -adamdı qáliplestiriwshi, miynet etiw qábiletin tiklewge xızmet etiwshi hám áhmiyetli, ruwxıy tárbiyalawshı ortalıq.

Watanlas oyshıl, danıshpanlar shańaraq, onıń tárbiyalıq áhmiyeti, shańaraq turmısındaǵı múnasibetler haqqında paydalı pikir, másláhatlerin miyras etip qaldırǵan. Olardıń miyrasların da jaslarǵa úyretiw olardıń milliy qádiriyatlarǵa degen qızıǵıwshılıǵın arttıradı, shańaraq tariyxı menen tanıstıradı. Shańaraqtı izertlew obyekti sıpatında tariyxshılar, filosoflar, demograflar, arxeologlar, medicina tarawı alımları tárepinen, ekonomistler, sociologlar, etnograflar, genetikler, pedagoglar hám psixologlar tárepinen úyrenilgen.

Orta Aziya, sonıń ishinde, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstannın jergilikli xalıqlarınıń shańaraqları hám etnopsixologiyalıq ózgeshelikleri jazıwshı hám shayırlar Abdulla Qadiriy, Muqumiy, Aybek, Maqtumqulı, Xamid Alimjan, Jambıl, Shıńǵız Aytmatov, Uvaysiy, Zylfiya, Berdaq, Q.Ayımbetov, Q.Ermanov hám basqalardıń shıǵarmalarında óz sáwleleniwin tabadı.

Qaraqalpaqlarda ekzogamiyanı qaldıq sıpatında analizleniwin juwmaqlap, sonı aytıp ótiw kerek boladı, tikkeley urıw-qáwimlik bóliniw bolıp turıp bul eskirgen ádet shańaraq-neke múnasibetlerin belgilewshi tiykarǵı faktlerden biri bolǵan hám xalıqtıń barlıq qatlamlarına tásir etip, qaraqalpaqlardıń awdarıspaqtan aldıngı dáwirdegi sociallıq-turmıslıq jasaw qálpiniń áhmiyetli tárepi bolǵan.

Urıw múnasibetleriniń qaldıqları shańaraqlıq múnasibetlerine qaraǵanda ekonomikasında tezirek joǵaladı. Qaraqalpaqlar házirge shekem urıw dástúrlerin saqlaydı. Jaqın tuwısqanlıq ata tárepinen esaplanadı. Bárshe ekzogamiya nekeleri júdá kúshli. Házirgi kúnlerde de qaraqalpaqlarda uzaq tuwısqan-urıwlar arasında nekeler múmkin emes, hátteki bárshe erkinlik, orınsız házil, ǵamxorlıq etiw de qadaǵan etilgen.

Qaraqalpaqlarda nekeden ótiw túriniń jáne bir áhmiyetli tárepi, óziniń kelip shıǵıwı menen áyyemgi «levirata» hám «sororata» ádetleri bolǵan. Jesir qalǵan hayaldı qaytıs bolǵan kúyewiniń aǵası, inisi, hátteki onıń uzaq tuwısqanlarınıń birewine turmısqa shıǵıwına ruxsat bergen. Bul ádet Orta Aziyanıń bárshe xalıqlarında keń tarqalǵan. Tamırları toparlıq nekeden kelip shıqqan bul ádet jáne de keyingi dáwirde, jesirdiń ketip qalıwı hám shańaraq múlkin bólisiwge mápdar bolmaǵan patriarxal-urıw shańaraqlıq jámáátinde de saqlanıp qalǵan. Jesirdi onıń ata-anasına qaytarıp jiberiw ayıp esaplanǵan hám qaytıs bolǵan adamnıń tuwısqanları ústinen kúletuǵın edi: "Sizlerde erkekler qalmaǵan ba – jesirińiz sizlerden ketip qalıptı?" degendey.

«Levirata» ádetine muwapıq jesir ulıwma alǵanda kúyewiniń inisine turmısqa shıǵıwı kerek edi. Biraq patriarxal múnasibetleriniń rawajlanıwı tásirinde bul huqıq qaytıs bolǵan aǵasına ótti. Bul, bir tárepten, urıwlıq baylanıstıń ıdırawın bildiredi, al ekinshi tárepten bolsa – inisine basqa, turmısqa shıqpaǵan qızdı taba almaydı dep, qaytıs bolǵannıń aǵasınıń ústinen adamlar kúletuǵın edi.

Qaraqalpaqlardıń neke qaldıqları qatarına «sororata» ádet, yaǵnıy jesir qalǵan adamǵa onıń marhum qatınınıń sińlisin turmısqa beriw de kirgen. Bul ádet Orta Aziyanıń basqa xalıqlarında da ámeliyatında bolǵan hám toparlıq neke qaldıqları menen baylanıslı bolǵan, ol XIX ásirdiń aqırı - XX ásirdiń basında bunı, bir tárepten, basqa hayallarǵa qaraǵanda balalarǵa ógey ana sıpatında tuwısqan apası jaqsıraq tárbiya beriwi, ekinshi tárepten, ekonomikalıq ǵárezsizlik penen túsindirilgen. Eliw jıl aldın da «sororata» ádeti qaraqalpaqlar arasında keń tarqalǵan edi [3].

Orta Aziyanıń basqa xalıqlarına uqsap qaraqalpaqlarda erte nekeden ótiw ámeliyatı bolǵan: qızlar ushın neke jası 12-13 jastan, ul balalar ushın – 15-18 jastan baslanatuǵın edi. Biraq jigit ushın neke jası onı shańaraǵınıń múlklik

halatına qarap ádewir ózgeretuǵın edi. Jarlı shańaraqlarǵa qaraǵanda dáwletli shańaraqlarda nekeler erterek jasta dúzilgen, sebebi jarlılardıń qısqa múddette qalıńına tolıq pul jıynaw qolınan kele bermes edi. Olardıń kópshiligi qalıńdı tólew ushın jıynaw maqsetinde bir neshe jıl dawamında batrak yaki jallanba bolıp isleytuǵın edi. Geyde kámbaǵallar 40 jasında úylenetuǵın edi. Kóbinese, qızdıń qalıń pulın tólew ushın, kámbaǵal, belgili bir múddet óziniń bolajaq qáyinatasınıń úyinde islewge tuwrı keletuǵın edi. Ata-anasınıń jarlılıǵı sebepli uzaq waqıtqa shekem úyleniwge imkanı bolmaǵan jigittiń ústinen, ádette, onıń boy teńlesleri kúletuǵın bolǵan.

X.Esbergenov hám T.Atamuratovlardıń ilimiy miynetlerinde qaraqalpaqlarda nekeden ótiwdiń bir neshe kórinisleri keltirilgen. Olardıń tiykarǵıları tómendegishe [2]:

"Aqlay quda" - ata-analar ele tuwılmaǵan perzentleriniń nekesi haqqında aldınnan kelisimge kelgen. Bunday kelisiw ata-analardıń olardıń tuwısqanlıq hám doslıq baylanısları keleshekte olardıń perzentleriniń shańaraqlarına da ótiw niyeti menen motivlengen.

"Jaslay quda" – perzentler tuwılǵanınan keyin biraz waqıt ótkennen keyin balalıqtan baslap qudalıqqa kelisiwi. Ul balanıń ata-anası qızdıń úyine kelgen hám onıń ata-anasınan keleshekte óz ulın hám olardıń qızın nekege kelisim beriwin soraǵan. Qızdıń ata-anası hám tuwısqanları razı bolsa, kúyew tárep kelin tárepke sawǵa bergen - "qarǵıbaw" (shın maǵanada – “moyınbaw taǵıw”). "qarǵıbaw" sıpatında, ádette, sawın sıyır beriletuǵın bolǵan – “kelinniń tuwısqanları bul sıyırdıń sútin ishiwi ushın” («sawın ushın»). Geyde bunday kelisiw dástúriy túrde nan sındırıw menen bekkemlenetuǵın rásmiy atastırıw - "pátiya" – qollanılǵan. Qaraqalpaqlar birinshi ret nekeden ótiwdi "taqıyadan qosılǵan" dep ataǵan. «Taqıya» - bul balalardıń kishkene waqtında kiyetuǵın bas kiyimi, toppı. "Taqıyadan qosılǵan" sózi jigit hám qız “balalıqtan shańaraq qurıwdı”, yaǵnıy ekewi birinshi ret nekeden ótti, degen maǵananı bildirgen. Eger, nekeden ótip atırǵan erkektiń aldıńǵı qatını qaytıs bolǵan, onıń menen ajırasqan bolsa yaki usı jaǵday hayal menen júz bergen bolsa ol jesir bolıp qalǵan, ajırasqan hám olar shańaraq qurǵan bolsa, qaraqalpaqlarda bunday neke "joldan qosılǵan" dep atalgan.

Basqa jaǵdaylarda ata-analar perzentleriniń táǵdiri haqqında olar dúnyaǵa kelgeninen keyin kelisimge keledi. Bunday kelisiwdi qaraqalpaqlar "qundaq quda" dep ataǵan, yaǵnıy jórgektegi atastırıw. Ul tuwılǵannan birazdan keyin onıń ata-anası ziyapat bergen hám bul ziyaptqa qızdıń ata-anasın shaqırǵan.

Kishi jastaǵı perzentlerdiń nekesi haqqındaǵı kelisiwde kúyewdiń atası qızǵa tiyisli qalıń malın tólewden azat etilmegen. Bunday balalardıń ata-anaları keyin ala hám udayı bir-birewine arzımaǵan sawǵalar berip kelgen. Kishi jastaǵı perzentlerdiń nekesi haqqındaǵı kelisiw Orta Aziyanıń basqa xalıqlarında da bolǵan.

Er jetken jaslardıń kelisiwine kelsek, olarda kemnen-kem jaǵdaylarda súyiskenine qarap nekeler dúzilgen. Perzentler táǵdirin olardıń ata-anaları belgilegen, sonıń menen birge eki fakt sheshiwshi rol oynaǵan: eki tárepleme tuwısqanlıq baylanıslarda ornatıw niyeti hám qalıń malınıń muǵdarı. Kelindi tańlawda kúyewdiń ata-anası tuwısqanları menen birgelikte bolajaq nekeniń unamlı hám unamsız tareplerin saldamlı talqılaǵan hám qızdı onıń sırtqı kelbetine, shańaraǵınıń dáwletliligine hám abıraylılıǵı kózqarasınan kelip shıǵıp bahalaǵan. Qızdı qanshelli jaqsı xızmet etiwin hám úy biykeligin anıqlaǵan. Bunda qızdıń anasınıń jaqsı sıpatları úlken áhmiyetke iye bolǵan. Eger onıń anası aqıllı, miynetkesh hám mehriban bolsa, onıń qızı da usı unamlı sıpatlarǵa iye boladı dep esaplaǵan. Qaraqalpaq milliy maqalı bar: "anasına qarap qızın al".

A.Bekmuratovanıń ilimiy miynetlerinde aytıp ótilgenindey, patriarxal múnasibetler hukimdar bolǵan sharayatlarda jigit ushın kelindi tańlaw hár dayım onıń ata-anasınıń, birinshi gezekte, atasınıń ıqtıyarına baylanıslı bolǵan.

Kelindi tańlaw máselesi úzil-kesil sheshilgennen keyin jawshılar jiberilgen. Jawshılıq ushın hápteniń anıq kúnleri belgilengen: shárshembi yaki piyshembi. Jawshılar kúyewiniń urıwı tárepinen tańlanǵan. Bazıda, jawshını qaytarıp jiberiwdi múshkillestiriw maqsetinde, jawshılar abıraylı yaki dáwletli adamlar (aqsaqallar, baylar, qáwim basıları hám basqalar) qatarınan tańlap jiberilgen. Ata-analar, tek abıraylı jawshı aldındaǵı húrmet hám qashırıw esabınan, hátteki kámbaǵal kúyewge qızın beriwge razı bolǵan hallar da ushırasqan. Jawshılar, tiykarınan, erkekler bolǵan, biraq geyde erkekler menen birge birer jası úlken hayal (kúyewdiń atası yaki anasınıń turmıs qurǵan apası)da jawshılıqqa barǵan. Solay etip, qaraqalpaqlarda jawshılıq paytında bas roldi erkekler oynaǵan. Bunday ádetlerden ózgeshe halda házirgi Qaraqalpaqstan hám Xorezm wálayatı aymaǵında jaylasqan Xorezm oypatınıń arqa ózbeklerinde jawshılıqta kúyewdiń anası hám onıń tuwısqan hayalları qatnasqan.

Orta Aziya xalıqlarında qalıń malı haqqında keń ádebiyatlar bar. Shańaraqlıq-neke múnasibetleri haqqında jazǵan kóplegen avtorlar, ádette, qalıń mal, onı tólew múddeti, qalıń mal jıynaǵan hám alǵan kúyew hám kelinniń tuwısqanları sheńberinde úlken dıqqat berilgen.

Qalıń malǵa qarsı gúrestiń bunday keń kólemli sebeplerinen biri – xalıqtıń ózin bul ádetke ázelden jıynalıp kelgen narazılıǵı.

Ullı shayır Berdaq (1827-1900) óziniń “Kelin” degen qosıǵında bul ádetke óz múnasibetin bılay bildiredi:

“Qullıq eski ádetlerge boysınaman,  
Atań kóp qalıńdı jasırıp qoydı,  
Óz qızın birewlerge satıp jiberdi,  
Qız baxtı satıldı, kelin!  
Sen ele jassań, turmısıń – aldıńda,  
Ózińe jaqqan mehriban dostı tap,  
Buǵan jiger etiw kerek, kelin!”.

Qalıń máselesinde jámiyetimizde eki qarama-qarsı kózqaras duslasadı. Birinshi táreptiń pikiri boyınsha qalıń sociallıq qáwipli bolmıs emes, olardıń pikiri boyınsha bul – milliy dástúr. Usıǵan bola olar qalıń maldı tólewde hám onı alıwda jınayat belgisin kórmeydi.

X.Esbergenov hám T.Atamuratovlardıń maǵlıwmatları boyınsha “kelindi tańlawda jigit hám qız arasındaǵı tiykarǵı wákil «jeńge» bolǵan, yaǵnıy qızdıń aǵasınıń qayını yaki ata táreptegi tuwısqanınıń qatını, sebebi dástúriy ádet boyınsha jigit birden qız benen sóylesiwi, sonıń menen birge muhabbat aytıwı, múmkin emes edi. «Jeńge»niń qız hám jigit arasındaǵı dáldalshılıq roli áyyemgi dástanlarda da keltiriledi. Ata-anaǵa qaraganda «jeńge» psixologiyalıq jaqtan qızǵa jaqınıraq bolǵan. Sonıń ushın óziniń shaxsıy isleri boyınsha qız jigit penen tek «jeńge» arqalı sóylesken”.

Qızdıń ádepliligi qatań saqlanǵan, olardıń qádirdan awılındaǵı turmısında (jawshılıq hám kúyew menen birinshi ushırasıwlardan keyin, biraq jigittiń awılında keliwinen aldın) sonday dáwir bolǵan, bul qádeler, ádet boyınsha buzılǵan. A.T.Bekmuratovanıń miynetlerinde aytıp ótilgenindey, qızlar ata-anasınıń awılında báribir erkin jasaw qálpin alıp barǵan, jigitler menen ushırasıp júrgen, kóbinese birin-biri unatqanlar da bolǵan [1].

Kóbinese unastırılǵan qız, tap qalıńı tolıq muǵdarda tólenbegenshe, óz súygeni menen udayı baylanısta bolıp, qádirdan awılında jasaǵan. Ol jigitke kóylekler tikken, belbew toqıǵan, taqıya hám «shay-qalta» tikken. Qız súygen jigitiniń bárshe tileklerin orınlawǵa, hátteki, onıń ushın óz ómirin qurban etiwge tayar bolǵan. Súyisken, biraq oǵan turmısqa shıǵıwına táǵdir qospaǵan, jigitke qaraǵanda bunday yoshlı sezim qızlardıń qosıqlarında sáwlelengen. Qızlar óz qosıqlarında óziniń muhabbatın huqıqın misli qorǵaǵanday:

“Men jeteklep júretuǵın biye emespen,  
Men qassapqa satılar qoy emespen,

Meniń hár tárepimde on tórt kekilim bar,
Biraq men duwtarıńa tartılar shayı emespen"

Etnograflar ádetler tárepinen ruxsat etilgen neke aldı baylanıslardıń usınday túrleri sáwlelengen.

Qaraqalpaqlardıń 1920-1930-jıllarǵa shekem shańaraqlıq-neke múnasibetleri izertlewshiler tárepinen derlik úyrenilmegen. Sonıń ushın biz qaraqalpaqlar xalıq awızeki dóretpeleriniń etnografiyalıq analizine múrájat etemiz. Qaraqalpaqlardıń XI-XVI ásirlerdegi xalıq awızeki dóretpelerinde biziń áyyemgi ata-babalarımızdıń qımbatlı tariyxıy-etnografiyalıq maǵlıwmatları bar. Bul shıǵarmalardıń kóbisi ádebiy maǵanalı túrde bayan etilgen hám oldardan qımbatlı tariyxıy maǵlıwmatlar keltirilgen. Usı maǵlıwmatlar tiykarında Aral boyı xalıqlarınıń etnomádeniy baylanısları, sociallıq dúzimi, xojalıqlar tipi, shańaraq hám neke túrlerin anıqlaw múmkin.

**Ádebiyatlar**


1. Бекмуратова А. Быт и семья каракалпаков в прошлом и настоящем. – Нукус: «Каракалпакстан», 1970.
2. Есбергенов Х., Атамуратов Т. Традиции и их преобразование в городском быту каракалпаков. – Нукус: "Каракалпакстан", 1975, -С. 212.
3. Утепбергенов М.А. Қарақалпақ шаңарағының социаллық ҳәм этнопсихологиялық өзгешеликлери. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011, 12-18-б.



**REZYUME**

Bu maqolada qoraqalpoq oilasi va nikoh munosabatlarining rivojlanish bosqichlari, qoraqalpoqlarning nikohdan o'tishining bir nechta turlari va kelin tanlash, kelin uchun beriladigan "qalın mal" haqida ma'lumotlar berilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье представлена информация об этапах развития каракалпакской семьи и супружеских отношений, нескольких типах каракалпакского брака и выборе невесты, выкуп за невесту.

**SUMMARY**

This article deals with the information about the development stages of Karakalpak family and marital relations, several types of Karakalpak marriage and the choice of a bride, a ransom to the bride.


## XALQARO BAHOLASH DASTURLARIGA MOS TEST TOPSHIRIQLARINING BAJARILISHI HAQIDA AYRIM MULOHAZALAR


**Sh.Sh.Shodiyev** – *tayanch doktorant*
*Navoiy davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so'zlar:** eksperiment, testning darajalari, kontekst, miqdor, statistika.
**Ключевые слова:** эксперимент, уровни тестирования, контекст, количество, статистика
**Key words:** experiment, test levels, context, quantity, statistics


So'nggi yillarda Respublikamizda ta'lim tizimini sifat va samaradorligini yanada oshirish bo'yicha zarur bo'lgan bir qator ishlar amalga oshirilmoqda. Jumladan, DTS da maktab o'quvchilari egallagan nazariy bilimlarini kundalik hayotda qo'llash ko'nikmasini shakllantirish uchun kompetensiyaviy talabning qo'yilishi, ta'lim sifatini jahon andazalari darajasiga chiqarish hamda o'quvchilar bilimlarini baholash sifatini yanada takomillashtirish uchun turli xil xalqaro baholash dasturlarida, jumladan, PISA dasturida ishtirok etish bo'yicha olib borilayotgan tayyorgarlik ishlarini bunga misol sifatida keltirish mumkin.

PISA bu - o'quvchilarning savodxonligini baholash bo'yicha xalqaro tadqiqot dasturi bo'lib, uning asosiy maqsadi o'quvchilarning ijodiy fikrlash ko'nikmalarini turli xil testlar ko'rinishida baholashdan iboratdir. Bu dastur o'quvchi yoshlarning ijodiy va mantiqiy fikrlashlariga, olgan bilimlarini hayotda qo'llay olish qobiliyatlariga baho berish va keyinchalik bu ko'nikmalarni rivojlantirishga undaydi [1].

Fikrimizni dalili sifatida PISA dasturiga mos quyidagi masalalarni qarab chiqamiz [2].

*1-savol:* Poyezd uzunligi 450 m bo'lgan ko'prikdan 45 sekundda, simyog'och yonidan esa 15 sekundda o'tadi. Poyezdning tezligi va uzunligini toping.

- $v = 30\,m/s$ va $s = 1350\,m$
- $v = 10\,m/s$ va $s = 1350\,m$
- $v = 10\,m/s$ va $s = 150\,m$
- $v = 30\,m/s$ va $s = 150\,m$
- $v = 30\,m/s$ va $s = 450\,m$

*1-savol to'g'risida ma'lumot:*

*Savol tasnifi:* poyezdning tezligini va uzunligini aniqlash.

*Matematikaga oid mazmuni:* munosabatlar.

*Kontekst:* ijtimoiy.

*Aqliy faoliyat turi:* qo'llash.

*1-savolning baholash mezoni.* Quyidagi holda javob to'liq qabul qilinadi:

To'g'ri javob: *C*) $v = 10\,m/s$ va $s = 150\,m$.

Quyidagi hollarda javob qabul qilinmaydi:

Boshqa javoblar yoki javob berilmagan bo'lsa.

*Izoh:* bu masalani yechishda ahamiyat kasb etadigan omillardan biri yo'l formulasini qo'llagan holda poyezdning tezligini va poyezdning uzunligini topishdir. O'quvchilarning 54 foizi topshiriq shartini to'g'ri tushunib, poyezd 450 m bo'lgan uzunlikdagi ko'prikdan 45 sekundda o'tganini hisobga olib, yo'lni $S = 450\,m$ va o'tgan vaqtni $t = 45\,s$ deb belgilab, $v = \frac{S}{t} = \frac{450\,m}{45\,s} = 10\frac{m}{s}$ poyezdning tezligini to'g'ri topishgan. 34 foiz o'quvchilar ushbu savolga simyog'och yonidan poyezd $t = 15\,s$ da o'tganligini inobatga olib, poyezdning uzunligini yo'l formulasidan foydalanib $S = v \cdot t = 10\frac{m}{s} \cdot 15s = 10 \cdot 15\frac{m \cdot s}{s} = 150\,m$ ekanligini to'g'ri hisoblab chiqishgan, ammo 30 foiz o'quvchilar esa yo'lni $S = 450\,m$ va o'tgan vaqtni $t = 15\,s$ deb belgilab, $v = \frac{S}{t} = \frac{450\,m}{15\,s} = 30\frac{m}{s}$ poyezdnng tezligini xato topishgan. 36 foizga yaqin o'quvchilar poyezdnng tezligini va uning uzunligini topishda nimalarni e'tiborga olish kerakligini bila olmadi.

*2-savol:* Noqulay ob-havo tufayli kartoshkaning bahosi 20% ga ko'tarildi. Oradan biroz vaqt o'tgach uning narxi 20% ga arzonladi. Kartoshkaning oxirgi narxi dastlabki narxidan arzonmi yoki qimmat? Necha foizga?

4) arzonladi, 96%
5) qimmatlashdi, 4%
6) o'zgarmadi
7) arzonladi, 4%